



Pou Piblikasyon Imedya: 30/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YO PRAL LIMEN MONIMAN ETA NEW YORK YO AN WOUJ, BLAN AK BLE ASWÈ A POU ONORE JOUNEN MEMORYAL LA**

*Pibliye [pwoklamasyon](#) ki komemore militè yo ki te sakrifye lavi yo*

*Lanse resous sou entènèt ki rele "Enkyè Pou yon Veteran" pou anpeche swisid pami veteran yo ak militè yo*

*Resous sou entènèt la ede manm fanmi ak swayan yo pale ak veteran ak militè yo ki nan sitiyasyon kriz sante mantal*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke aswè a, 30 me 2022, moniman istorik Eta New York yo pral limen an wouj, blan ak ble pou komemore Jounen Memoryal la. Anplis de sa, Gouvènè Hochul te pibliye yon [pwoklamasyon](#) pou Jounen Memoryal la k ap onore militè yo ki te sakrifye lavi yo pou eta ak nasyon yo a.

"Se obligasyon solanèl nou pou komemore ak sonje lavi sila yo ki te sakrifye lavi yo pou sèvi eta ak nasyon nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lavi ak sèvis yo raple nou ke libète nou gen yon gwo kou—sakrifis ke Nouyòkè yo pral sonje jodi a ak pou plizyè jenerasyon alavni".

Moniman istorik k ap limen an rekonesans Jounen Memoryal la enkli:

One World Trade Center  
Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)  
Pon Kosciuszko (Kosciuszko Bridge)  
Batiman SUNY H. Carl McCall lan  
Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)  
Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la  
Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon  
Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson  
Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square  
(Pershing Square Viaduct) a  
Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)  
Konplèks Olenpik pou Sote Lak Placid (Lake Placid Olympic Jumping Complex)  
Empire State Plaza  
Chit Nyagara (Niagara Falls)

**Viviana DeCohen, Direktè Divizyon Sèvis pou Veteran Eta New York la, te deklare,** "Nou sonje militè sa yo ki te bay tout yo menm pou pwoteje lavi nou tout ap jwi akòz sakrifis yo. Nou komemore sèvis yo nan onore tout sa yo te fè ak bay nan sakrifis lavi yo pou konpatriyòt Nouyòkè ak Ameriken yo. Nou pa dwe janm bliye".

Gouvènè Hochul te anonse tou lansman [Enkyè Pou Yon Veteran](#)—ke yo rele tou WAV—yon nouvo resous sou entènèt sou mwayen mòtèl pou ede anpeche swisid pami veteran ak militè yo. Resous sa ki konsantre sou fanmi, ke Divizyon Sèvis Veteran ak Biwo Sante Mantal la te elabore pandan plis pase de ane, ede fanmi militè ak swayan yo pou pale ak yon veteran oswa militè pandan yon moman detrès sante mantal.

DVS ak OMH te travay nan tèt ansam ak patnè yo nan delegasyon Eta New York pou Defi Gouvènè a nan tout peyi a pou Anpeche Swisid Pami Militè, Veteran ak Fanmi yo.

Yo te premye rekonèt Jounen Memoryal la nan 5 me 1866, nan vilaj Waterloo, New York, lè veteran ak lidè sivik yo te defile nan twa simityè kominote a pou sèvis komemoratif nan tonm pou onore sila yo ki te pèdi lavi yo nan Gè Sivil la. An 1971, yo te ofisyèlman rekonèt Jounen Memoryal la kòm yon jou ferye federal ak yon Jounen Nasyonal pou dèy ak souvni sila yo ki te pèdi lavi yo nan sèvi fòs lame Etazini.

###

Lèt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)